


La Bib pou ti moun
prézanté

Vwayaj etonan
Pòl yo



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.



Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.




Pòl ak Silas, sèvitè Jezi yo, te nan prizon. Non, yo pa te fè anyen ki mal — yo te chase yon move lespri nan yon fanm. Yo te montre pèp Filip la ki t ap adore zidòl pouvwa vrè Bondye a ak Pitit Gason l lan, Jezi. Epi poutèt sa, yo te arete yo, bat yo, epi mete yo nan prizon.



Nou kapab panse
Pòl ak Silas te fache
epi yo te anmè, men yo
pa te fè sa. Alaverite,
a minui, yo te chita y
ap chante kantik
louwanj pou Bondye !
Tout lòt prizonnye yo
ak gadyen prizon an
t ap tande yo.



Toudenkou, chante a te sispann. Bondye te voye
yon tranblemanntè pou souke prizon an. Tout pòt yo
te louvri. Chenn tout moun te tonbe.







Oh ! Gadyen
prizon an te sèten
tout prizonye yo
te sove nan
konfizyon an. Si
youn nan yo sèlman
te chape pou li, yo
te ka pini l pa
lanmò. Panike, pòv
gadyen prizon an
te rale epe li. Li
ta ka pi bon pou li
si l te touye tèt li.



Men, Pòl te rele li, "Pa
fè tèt ou mal, paske
nou tout la." Lè
gadyen prizon an te
wè sa, li di : "Kisa pou
mwen fè pou m ka
sove ?" Yo te reponn
li : "Kwè nan Senyè
Jezi, epi w menm ak
tout fanmi w ap sove."
Avèk lajwa, gadyen
prizon an te vin kwè.






Nan denmen, yo te lage
Pòl ak Silas, epi yo te ale
nan lòt vil, yo t ale pale de
Jezi ak lòt moun. Genyen
kèk moun ki te kwè, gen
lòt ki te vle pèsekite yo
bat yo. Men, Bondye te
avèk sèvitè li yo. Yon jou
lannuit, Pòl te preche
pandan katrèdtan. Yon
jèn gason te chita bò yon
fenèt epi dòmi te pran li.
Nou kapab imagine
sa ki te rive.




Tout moun te panse
jèn gason an te
mouri. Men, Pòl te
desann, li te pran l
nan bra l, li te di :
"Lavi l nan li." Li te
resisite jèn gason
an, epi yo tout te
kontan.



Pòl ak Silas te viv anpil avanti, epi yo te vwayaje an Ewòp. Youn nan pi gwo avanti Pòl yo te rive pandan li te sou yon bato. Se pa te bato an asye yo, men senp bato ki gen vwal yo, ki te konn souke anpil nan tanpèt yo.







Pòl te sou bato a paske yo te arete l ankò. Li te dwe parèt devan anperè a nan lavil Wòm, kapital mond lan. Gwo van ak loraj t ap souke bato a. Se te yon eprèv difisil pou Pòl ak lòt prizonnye yo, ansanm ak pou ekipaj la tou.



"Mesye, mwen santi vwayaj sa a pral fini nan yon dezaz," Pòl te avèti yo. Men, kapitèn nan pa te koute li. Yo te oblije mare bato a ak kòd nan lespwa pou li pa ta kraze. Sinon, lanmè a t apral tonm yo tout.



Bato a te tèlman ap souke, kapitèn nan te bay lòd pou tout moun t ede retire chay sou li. Nan twazyèm jou a, yo te menm debarase yo de ekipman bato a ak divès lòt bagay ki te ankonbre bato a.



Nan mitan lannuit la, yon zanj te vin devan Pòl, li te di l tout bagay apral pase byen. Lòt moun yo te jwenn ankourajman lè Pòl te di yo : "Pran kouraj, paske mwen gen konfyans nan Bondye tout bagay ap rive pase jan li te di m nan. Men, nou pral echwe sou yon zile."




Kèk jou apre, bato a te chwe
toupren zile Malt. Li te brize
sou wòch yo. Kapitèn nan te
mande moun ki te konn naje
pou yo sote nan dlo a epi ale
atè. Lòt yo te rive chape sou
planch oswa debri bato a.




Sou zile Malt, Bondye te montre
puisans li. Pandan tout moun t ap
ranmase bwa pou fè dife, yon sèpan
te mòde Pòl. Moun yo te panse li t
apral mouri. Men, sèpan an pa te
fè l anyen. Lè sa a pèp la te
panse Pòl se te yon dye. Anpil
moun ki te malad te vin rive,
epi Bondye te geri
yo apre Pòl te
fin priye pou yo.



Boutofen Pòl te rive Wòm. Li te pran dezan pou yo te tande l nan tribinal la. Pandan tan sa a, Pòl te lwe yon kay epi li te resevwa vizitè. Èske w konnen de kisa Pòl te pale ak vizitè li yo ? De wayòm Bondye a, de Senyè Jezikris, jan li te konn fè nan lòt vwayaj li yo.



"Mwen fin mennen bon batay la, mwen fini kous la,
mwen kenbe lafwa m," Pòl te ekri pandan li Wòm.
Bib la pa pale nou sou fen lavi li, men gen lòt ekriti ki
di yo te koupe tèt Pòl Wòm sou lòd Anperè Newon.
Pòl te mouri menm jan li te viv la, kòm yon fidèl
sèvitè Bondye, ki t
ap pale ak lòt
moun de
Jezikris.



Vwayaj etonan Pòl yo

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,


Nap jwen-n nan

Travay Apot yo 16, 27, 28

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130





Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisitè, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisitè ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'ètènitè.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

